Бзэм зезыгъэужь лэжьыгъэхэр.

А - адыгэбзэ, абгъуэ

Адыгэбзэм а – р нэхъапэщ,

Алфавитыр къыщIидзащ,

Лъагъуэ нэхур тхузэIуихри

Хьэрф куэдыр къэтцIыхуащ.

Сыт бзухэр бжьыхьэм хуабапIэм щIэлъэтэжхэр?

Зы махуэ гуэрым, унащхьэ щIагъым щIащIыхьа абгъуэм пцIащхъуэ цIыкIу гурыхуэ кърашащ.

И анэм и гъусэу щIидзащ къилъэтыхьыу, ущие псалъэхэр къыжриIэурэ:

- Зегъасэ, си шыр цIыкIу, егугъу, бжьыхьэм гъуэгу жыжьэм дытехьэмэ гугъу уемыхьын папщIэ.

ПцIащхъуэ шыр цIыкIум егугъуу зигъасэт, и анэм аргуэру жеIэ:

- Иджы хьэпщхупщхэр къэбубыдыфу зегъасэ, къару пхэлъын хуейщ. Куэд мыщIэу хуабапIэм дылъэтэнущ.

- Иджыри хуабапIэ, - егупщысащ бзу шырыр – щхьэ зыщIыпIэ дылъэтэн хуей, мыбдежи дахэщ, хуабэщ, тшхыни догъуэт.

Ауэрэ махуэхэр кIуэт, щIыIи хъун щIидзэт. Бадзэхэри хьэпщхупщхэри мащIэ хъут. Иужьым и анэм жиIащ:

- Мис бжьыхьэр къэсащ, хуабапIэм лъэтэжын хуейщ. Дыкъанэмэ щIыIэ дылIэнщ икIи дымэжэлIэнщ.

ПцIащхъуэхэм псоми заужьри лъэтэжахэщ. Ахэр блэлъэтыкIырт бгыхэм, губгъуэхэм, шэдхэм. Ауэрэ щIыпIэ хуабэм нэсахэщ. Дунейри хуабэт, шхынри куэдт, ауэ пцIащхъуэр и Хэкум хуезэшт – къыздэхъуар арат.

- Ди щIыпIэм дылъэтэжыну? – еупщIт и анэм.

- Куэд мыщIэу гъатхэр къэсынщи ди щIыпIэм дылъэтэжынщ, абгъуэхэр дыщIынщи бзу шыр цIыкIухэр къитшынщ.

- Сыту дэгъуащэ!!!

У – уафэ, уэшх

Уафэ щхъуантIэм пшэхэр къэсри,

Дыгъэ нурыр щIахъумащ,

Уэшхым ину къыщыщIидзэм,(кърик1утри)

ЩIыгур куэду псы ефащ.

Сыт уэшх къыщIешхыр?

ЩыIащ псэуащ ткIуэпс цIыкIу гуэлышхуэм и деж. Ихъуреягъым ткIуэпс цIыкIухэр куэду есхэт. Ахэм загъэпскIт, зэманыр гушыIэу ягъакIуэт, ищхьэмкIэ дыгъэр хуабэу къатепсэу.

- Уху, уху, сыту дыгъэм хуабжь Iейуэ дигъэхуабэрэ, иджыпсту бахъэ сыхъунущи сыкIуэдыжынущ.

Ди ткIуэпс цIыкIур псынщIэ хъумэ – хъуурэ бахъэ хъури дэлъэтеящ дыгъэм и деж.

- Дыгъэ – уи деж сынолъатэ! - жиIэт ткIуэпс цIыкIум.

Уафэм абы къыхуэзахэщ ткIуэпс цIыкIуу щытауэ бахъэ хъуа куэд. Ахэр апхуэдизкIэ куэдти псори щызэхуэсым пшэ къахэкIащ.

- Сыту фIыуэ псори дызэхуэзэжа! – гуфIэхэт псори. Ауэрэ бахъэхэр нэхъри къызэхуэсурэ пшэр фIыцIэ хъуащ, дыгъэри щIихъумащ. ТкIуэпс цIыкIухэр щIыIэм исын щIадзащ. Ди ткIуэпс цIыкIури уафэм къекIурэхыжри щIым къытехуэжащ. ТкIуэпсхэр зэхуэсурэ псы цIыкIу хъуащ. Псы цIыкIур ежэхыурэ гуэлым хэлъэдэжащ.

- Сыту гъэщIэгъуэныщэ – къэпсэлъащ ткIуэпс цIыкIур – си унэм сыкъэкIуэжащ!

М - мэшбэв

Сыт мэшбэвым и теплъэр щIэплъыжьыр?

ПкIауэ цIыкIу гуэрым къыхуэзащ и ныбжьэгъу мэшбэвыр, игъэщIагъуэурэ еупщIащ:

- Дэ ди ныбжьэгъухэм драгъусэу зыдогъэпщкIу, ди теплъэр плъагъукъэ – удзыфэщ, удзым дыщыхэскIэ зими дигъуэткъым. Уэ уи щIыбыкур плъыжьыбзэщи псоми гу къыплъатэ. Ушынэкъэ, уашхыну бзухэм?

- Сэ зыми сащышынэркъым, езы бзухэр къысщырешынэ!

- Сыту умэшбэв цIыкIу хахуэ?

- Си щIыбыр сфетофорщ, плъыжь плъагъумэ къэувыIэ жеIэ.

-НтIэ бзуми утекIуэфрэ?

- СытемыкIуэфынкIэ хъунущ, ауэ си IэфIагъыр игу ирихьынукъым. Плъагъурэ мы пхъыфэ сокур? Бзухэм ар ягу ирихькъым.

ПкIауэ цIыкIуми мэшбэвым ехъуапсэу адэкIэ удзым зыхигъэпщкIуэжащ, бзухэм ямышхын папщIэ.

Э – мыщЭ

Псалъэм и пэм пымыувэ

Псалъэм и кIэм щымыгувэ.

Сыт мыщэр щIымахуэм щIэжейр?

Мыщэр гъэмахуэкIэ мэзым щотхъэ, хуеймэ мэракIэ ешх, хуейми къулъыхъуэри ? ешх.

Зы махуэ гуэрым мыщэр шхэуэ здэщысым кIэпхъ цIыкIур къыхуэзащ.

- Зыбгъэпсэхурэ, щIымахуэм щхьэ зыхуомыгъэхьэзыррэ?

-Сыт зыщIэзгъэхьэзырын хуейр? Згъэхьэзырынури сыт?

- Дэ, 1эгъэбэгу.

- Хьэуэ, сыхуейкъым сощхьэх.

Бжьыхьэр къэсри щIыIэ къэхъуащ, мыщэри къэмэжэлIащ. ТхьэкIумэкIыхьри къыхуэзащ.

- ЩІымахуэм зыхуэбгъэхьэзыракъэ, пшхынур сыт?

-Хьэуэ сыт есщІэнур? Сэ жыг пхъафэм сегъунущ.

Мыщэр жыг пхъафэм егъуащ.

- У-У-У сыту дыдж Іей! Сышхэну сыхуейщ.

Арати мыщэжьыр къуацэ гуэрым и щІагъыи и деж гъуэлъри жеящ. Уэсыр къыщесым мыщэр щІихъумащ. Гъатхэр къэсу уэсыр ткІужыху мыщэр жеящ. Сытыт ищІэнур мыщэм? Езым щхьэкІэ мэзым щІымахуэм шхын щІэлъкъым.

Н-щыгъыН

Щыгъыныр дэнэ къикІрэ?

Къуэрылъху цІыкІу Алийрэ и анэшхуэмрэ зэгъусэу губгъуэм зыплъыхьакІуэ кІуат. Алий псори фІэгъэщІэгъуэнт.

- Мыбдежым гуэдз къокІ, абы щІакхъуэ ІэфІ къыхащІыкІынущ.

Мыр нартыхущ, джэдкъазхэм Іусу яшхынущ куэду.

Нанэ, мо губгъуэр щхьэ хужьыбзэ?

- Ар ди щыгъынхэр къокІри аращ.

- Апхуэдэ щыІэ?

- Сыт щІыщымыІэр? Ар бжьэхуцщ. Плъагъурэ къэкІыгъэ къэс и щы1ум бжьэхуц фІэтщ. Ар къызэщІакъуэнущи яжьынущ, яжьыщІынущи Іуданэ къыхащІыкІынущ. Іуданэхэр зэхалъхьэнущи щэкІ къыхахынущ. ЩэкІым уэ зэрыпщІэщи щыгъын къыхадыкІ.

- Сыту гъэщIэгъуэн, нанэ! ЗэрыжыпIэмкIэ мы си джанэр губгъуэм къыщыкIащ.

- Пэжщ, си Алий цIыкIу.

Р- пассажиР

Хэт къалэм пассажирхэр къезышэкIыр?

Зы махуэ гуэрым Уэсмэн цIыкIу къыщIэкIащ и анэщхуэм и деж кIуэну. «Сыт сызэрыкIуэнур?» - жиIэу здегупщысым автобус къыбгъэдыхьащ.

- КъитIысхьэ си деж! Сэ псынщIэу уи анэшхуэм и деж унэсшэсынущ!

- Хьэуэ, сэ си деж къитIысхьэ – жиIащ троллейбус къыIухьам – Сэ автобусым хуэдэу бензин сышхкъым, токкIэ сызэкIуэ. Еплъыт си щхьэм бжьакъуэ кIыхь ирикIуэхэр? Ахэр ток проводым щылъэIэскIэ сэ сызокIуэ.

- Сэри проводым сыкIэрыщIащ – къыIухьащ тамвайр, - ауэ рельсым сытету сызокIуэ. НакIуэ си гъусэу, Уэсмэн!

- Хьэуэ, хьэуэ, сэ си гъусэущ зэрыкIуэнур! – жиIащ щIы щIагъым къыщIэгуоукIри поезд – метром щызек1уэм.- Сэри рельс сиIэщ, токкIи сызокIуэ, ауэ сэ щIы щIагъым сыщызокIуэ, зыри зэран къысхуэмыхъуу.

Уэсмэн куэдрэ гупсысакъым. Псоми чэзууэ итIысхьэурэ и анэшхуэм и деж къэсащ.

Ж- жэмыр губгъуэм хъуакIуэу здитым

Жумэрэныр къыхуэзащ

Сыт жэмым дэ къыдитыр?

Каникулым къэкIуащ къуажэм Ахьмэд цIыкIу. ПщIантIэм къыдэувэри псори зэпиплъыхьын щIидзащ.

- Мыр сыт?

- Ар ди хьэ Парийщ,- жиIащ нанэ.

Бгъэдыхьэри Iэ дилъащ.

- Мыр - щэ?

- Ар ди джэду КIущэ.

Джэдури игу ирихьащ, хужьыбзэт, щабабзэт.

- Нанэ мыр сыт? Сытыуи шынагъуэ, бжьакъуэхэри тету?

- Ар ди жэмыращ. Бусэщ и цIэр. Ар шынагъуэкъым, Iэсэщ.

- А-а-а, сыхуейкъым жэмым, фIыуэ слъагъукъым,- идэтэкъым Ахьмэд.

- Еплъ уэ, ауэ ухущIегъуэжынкIэ хъунущ уи псалъэм.

-Хьэуэ сыщIегъуэжынукъым, абы нэхърэ тыкуным дыгъакIуи IэфI гуэр къэдгъэщэху.

Тыкуэным къэкIуауэ здыщIэтхэм Ахьмэд и анэшхуэм еупщIащ:

- Сыт нанэ йогурт, шху, тхъу къыщIысхуомыщэхур?

- Ахэр шэм къыхыщIыкI, шэр жэмым къыдет, уэ жэмыр пфIэфIкъым.

-Хъунщ -тIэ, кхъуей къысхуэщэху.

-Кхъуейри шэм къыхах.

-Мороженэ къысхуэпщэхунукъэ?

- Мороженэри сыт къыпфIэщIрэ къызыхахыр? Шэращ!

-Псори шэм къыхах ара? НакIуэ нэкIуэжи лэкъум хуабэ схуэгъажьэ.

- Сыт жыпIэр, си щIалэ! Дауэ сэ лэкъум зэрызгъэжьэнур шэ хэмыту?

-Иджы къызгурыIуащ жэмыр зэрысэбэпыр!
Уэ дауэт къызэрыпщыхъур? Ди жэмым унагъуэр дегъашхэ!

А махуэм щыщIэдзауэ Ахьмэд жэмым щышынэжакъым, мэкъу иритт, псы иригъафэт, хуэсакът.

Ш

– Шыгъу, фоШыгъу

Шыгъумрэ фошыгъумрэ къызыхахыр сыт?

Шыгъумрэ фошыгъумрэ стIолым тетхэт.

- Сэлам, си къуэш, - жиIащ шыгъум.

- Сыт хуэдэ къуэш жыхуэпIэр? Уэ ушыугъэщ, сэ сыIэфIщ. Уэ узэрылъыр цIыкIущ, сэ плъагъукъэ си фошыгъулъэр инщ, дахэщ.

- Сыт абы щхьэкIэ, дызэныбжьэгъуфкъэ?

- Хьэуэ, къызжеIэт уэ укъызыхахыр?

- Сэ гуэл шыугъэм сыкъыхах. Псыр щигъущыкIым и деж шыгъур къонэ.

- Плъагъурэ! Сэ сыкъызыхахыр жэгундэ IэфIщ. Жэгундэр цIыкIу цIыкIуурэ яупщIатэри псыр къыщIагъэж. Куэдрэ ягъавэри псыр бахъэ мэхъури къанэр фошыгъуращ.

Фошыгъум жиIэр шыгъум къримыдзащэурэ бгъэдэкIуэтащ. Абы лъандэрэ ахэр зэбгъурыту сыт хуэдэ унагъуэ ущIэмыхьэми тетщ.

Ы- жЫг

Дэнэ къыздэкIыр жыг нэхъ цIыкIу дыдэхэр?

Зы махуэ гуэрым къазыр лъатэмэ-лъатэурэ къыщыхутащ тундрэ жыхуаIэ щIы уаем.

- Сыту мы щIыпIэр щIыIэ!- жиIащ зызэхуишэурэ, - хэт езыр мы щIыпIэм щыпсэуфынур?

?- Дэ допсэуф. Пхъэхуейхэр ивэхэр

- Дэнэ фыщыIэ, фыслъагъукъыми?

- Дэ дыщIомылъагъур, дыцIыкIунитIэщи аращ! Мэзхэм щIэтхэм дащхькъым. Ди щIыпIэр сыт щыгъуи щIыIэщ, уэс телъщ. Хуабэ щыхъур зы мазэ къудейщ. Ди лъабжьэхэм зашэщIыфкъым, итфын куэду дгъуэткъым, сыт щыгъуи щIыр щтащи.

Зэман куэдкIэ узэIэбэкIыжмэ мэзышхуэ щыIащ мыбдежым, жыг куэду щIэту, дунейр хуабэти. ЩIыIэ щыхъум дэращ къэнэжахэр адрейхэр щIыIэм исыжахэщ.

- Хъунщ – тIэ, сэри адэкIэ сылъэтэжынщ щIыIэм симыс щIыкIэ.

-Гъуэгу махуэ! – жаIащ жыг цIыкIухэм, - дяпэгъэ хуабэ хъумэ иджыри дызэхуэзэнщ!

И- машИнэ

Дауэ машинэхэр цIыхухэм ядэIэпыкъурэ?

Пщэдджыжьым машинэхэр зэхуэзэхэри зэдэуэн щIадзащ: хэт цIыхум нэхъ сэбэп хуэхъуми.

- Сэ псом нэхърэ сынэхъ сэбэпщ – жиІащ мафІэгъэункІыфІ машинэм, - сэ мафІэр согъэункІыфІ, цІыхухэр къызогъэл. ПсынщІэу мафІэ здэхъуам сыкъэмысмэ псори зэтрисыхьэнущ, цІыхухэри хэкІуэдэнкІэ мэхъу.

- Сэри цІыхухэр къызогъэл, - къэпсэлъащ сымаджэ къызэрырашэкІ машинэм, - зыгуэрэ сымаджэ хъумэ хэт къыраджэр? Сэращ! Сэ дохутырыр псынщІэу къызошэ.

- Сэ пэлицэхэр къызошэкІ. Ахэм дунейр мамыру щагъэт, бзаджащІэхэр къаубыд. Сыт сэ сысэбэпкъэ?

Псоми зэдэпсэлъэн щІадзащ:

- Сэ цІыхухэр я унэм сошэжхэ,- жиІащ автобусым.

- Сэ гуэдз Іузохыж, щІакхъуэ дэнэ къифхыну сэ сымысэбэпмэ?- комбайным игъэщІэгъуащ.

- Сэ кумб къызотІ, унэ зыщІхэм садоІэпыкъу, - жиІащ эксковаторым.

- Сэ шхыныгъуэхэр тучаным сошэ, - жиІащ хьэлъэзешэ машинэм.

Псоми езым нэхъ сэбэп щымыІэу жаІэт:

-ДевгъэупщІыт светофорым, - жиІащ полицэр къезышэкІ машинэм, - аращ гъуэгум нэхъыщхьэр!

- Псори фынэхъыщхьэщ, цІыхухэм сэбэп фахуохъу!-зэгуригъэ1уащ ахэр светофорым.

Щ - жэЩ

Сыт дунейр жэщрэ махуэрэкІэ щІызэщхьэщыкІыр?

Нобэ хъыбар вжесІэнур зытеухуар ди щІы хъурейращ. Пэжщ, пэжщ, дэ дыздэпсэу ди щІыгуращ. Ар хъурейщ. Хыхэмрэ, тенджызхэмрэ здиІэ щІыпІэхэр щхъуантІэу къыхощ, щІыгур здэгъущэм и деж теплъэ зэщымыщ иІэщ: бгыхэр гъуабжэщ, мэзхэр удзыфэщ, пшахъуэщІыр гъуэжьщ.

ЩІыгур зэплъыжри – сыту сыдэхащэ! Дыгъэм зыригъэлъагъуну унафэ ищІащ. Езы дыгъэр мес – иныишхуэщ, хуабжьу мэлыдри хуабэу уегъэхуабэ икІи хъурейщ.

- Уи махуэ фІыуэ, дыгъэ, къызэплъыт, си теплъэр уигу ирихьрэ, - жиІащ щІым.

-Мы лъэныкъуэмкІэ - хъунущ, адреймкІэ? Зыкъэгъазэт зэ?

ЩІыгум зыкъигъэзари дыгъэр къеплъащ, аргуэру адрей лъэныкъуэмкІэ зыкъыригъэгъэзэжащ. Абы лъандэрэ щІыгум зегъэджэрэз, зэ зы лъэныкъуэр дыгъэм ирегъэлъагъу, зэ адрейр. ДыгъэмкІэ хуэгъэза лъэныкъуэр махуэщ, адрей

лъэныкъэр жэщщ. Жэщу здэщытар дыгъэмкIэ къигъаплъэмэ ар махуэ мэхъури махуэу щытар жэщ мэхъу. Сыхьэт тIощIрэ плIыкIэ щIыгум зэ зегъэджэрэз – ар зы жэщмахуэу добж. Жэщмахуэр IыхьиплIу зэщхьэщэкI: пщэдджыжь, шэджагъуэ, пщыхьэщхьэ, жэщ.

З- бЗу

Сыт хуэдэ бзу къэзмылъэтыхьыфхэр?

-Дауэ ущыт си гъунэгъу! – жиIащ вымпIум.

-Хъунущ,- жиIащ махъшэбзум.

-Зэхэпхрэ, къэслъэтыхьыфу себгъасэкъэ?

- Уезгъэсэнт, ауэ сэри къэслъэтыхьыфкъым.

- Сыт уэ пхуэщIэр?

- Къызожыхьыф. Сэ апхуэдизу псынщIэу къызожыхьри си Хэкум –Африкэм- зыри къыслъэщ1ыхьэкъым. Уэ сыт нэхъ пхуэщIэр?

- Сэ псым псынщIэу сос, си хэкум- щIыгъунэм, Антарктидэм- зыри къыслъэщ1ыхьэкъым.

- Сыт тIуми дымылъатэмэ щIэдмыдэр, амырами псом нэхърэ сынэхъ жэрщ, уэ псом нэхърэ нэхъ хуабжьу псым уос. Сыт ди лажьэ?

-Пэжщ жыпIэр си гъунэгъу.

(вымп1у- пингвин, махъшэбзу- страус).

С- пСэущхьэ

Дэнэ къыздикIар унэ псэущхьэхэр

Ижь ижьыжкIэ узэIэбэкIыжмэ зы цIыху гуэр псэут изакъуэу. ДэIэпыкъуэгъу зыри иIэтэкъым. Гугъу ехьт. Зэман гуэрэ текIри зы хьэ къыхуэзащ:

- Сынащтэ уи деж сыпсэуну. Сэ сыбдэIэпыкъунущ щакIуэ ущыкIуэкIи, унэри пхуэсхъумэнущ.

- Хъунщ, - жиIащ цIыхум, - сэ абы щхьэкIэ узгъэшхэнщ.

Ауэрэ псэурэ зы шы къахуэзащ:

- Сэри сынащтэ. Сэ хьэлъэ къыпхуесшэкIынщ, щIыгури пхудэстхъунщ.

- Тхьэм уигъэпсэу шы, сыту дэгъуэ а жыпIэр, - гуфIащ цIыхур, - сэ абы щхьэкIэ мэкъу уэзгъэшхынщ.

Зэман гуэрэ текIауэ къэкIуахэщ жэмымрэ мэлымрэ:

- Дэри мэкъу дыхуейщ. Дынапщтэкъэ уи гъусэу дыпсэуну?

- Сыт фэ фщIэфыр?

-Сэ шэ уэстынущ, - жиIащ жэмым.

-Сэ щыгъын хуабэ пщыстIэгъэнущ, - жиIащ мэлым.

Иужьым джэдур къэжащ:

-Ухуеймэ сэ дзыгъуэ къыпхуэзыубыдынущ?

-Сыхуейщ, жиIащ цIыхум.

-Уэ абы щхьэкIэ шэ къызэт.

Абы лъандэрэ цIыхум и япэ дэIэпыкъуэгъухэр игъусэщ. «Дауэ япэм фэрыншэу сыпсэурэт?»- егъэщIагъуэ абы.

Л- мыЛ

ЩIы гъунэ мыл защIэм щыпсэуф псэущхьэхэр.

Мыщэ хужьыр зызплъыхьакIуэ кIуат пшахъуэщIым. Абдежым къыхуэзат зы шындырхъуо. Ахэр зэныбжьэгъу хъуати къригъэблэгъащ езым и Хэкум. КъэкIуащ арати щIыуаем шындырхъуор. Сытыуи щIыIэ- уае мы щIыгур!

- Дауэ ущыт шындырхъуо,- пежьащ мыщэ хужьыр. – НэIуасэ зыхуэщI си гъусэу щыпсэу псэущхьэхэм: мыр полярнэ жьындущ, мыр щыхьщ. Иджыри псэущхьэ куэд щыIэхэщ.

- Сыт жьындури уэри фыщIэхужьыр?, - игъэщIэгъуащ шындырхъуом.

- Уэсым нэхъыфIу зыщыдгъэпщкIуфын папщIэ. Уэсыр хужьщ, дэри дыхужьщи щIэх дакъахуэлъагъукъым.

- Мыпхуэдэ уаем щIыIэ фимысу дауэ фыпсэурэ?

- Сэ джэдыгу хуабэ сщыгъщ, - жиIащ мыщэм.

- Сэ си фэ щIагъым щэ куэду щIэлъщи сегъэхуабэ, - жиIащ щыхьым.

- ИхъурегъкIэ слъагъур мылщ, сыт фэ фшхыр?

- Иныкъуэхэм бдзэжьей къыдоубыд, иныкъуэхэм уэс щIагъым къэкIыгъэ щабэ гуэрхэр къагъуэтыурэ яшх.

Хуабжьу фIэгъэщIэгъуэн хъуащ щIыуаер шындырхъуом, ауэ апхуэдизкIэ щIыIэм исати и пшахъуэщIым игъэзэжащ.

Д-Дыгъужь

Сыт мэзым дыгъужь щIыщIэсын хуейр?

Зы махуэ гуэрым дыгъужьымрэ жьындумрэ зэхуэзат.

- Ей, дыгъужь, - жиІащ жьындум, - хьэкІэкхъуэкІэхэр мэтхьэусыхэ, зэран япщІэу, бгъуэтыр зэхэпшхыхьэу. Апхуэдэнумэ куэд мыщІэу мэзыр нэщІ хъунущ!

- Сыт жыпІэр жьынду? Сэ зэран сыхъуу жызыІэр хэт? Зэран сыхъукъым сэбэп сымыхъумэ.

- Сыт сэбэпу уэ пщІэр мы мэзым?

- Сэ псэущхьэ псори сышхкъым, уэмхэмрэ сымаджэхэмрэщ сышхыр. Мо тхьэкІумэкІыхь сымаджэр сымышхамэ зэрымэзу сымаджэ фызэтрищІыхьынут!

Хъунщ апхуэдэу щыщытк1э, дыгъужь, псэу ди мэзым.

Т- Тхьэк1умэк1ыхь

Сыт тхьэкІумэкІыхьым и фэр щІихъуэжыр?

Дунейм щыІащ псэуащ зы тхьэкІумэкІыхь. Мэзым къыщижыхьт, пхъафэ ишхт, дыгъужь илъагъумэ зигъэпщкІут. Ауэрэ зэман гуэр дэкІауэ и гъуэм къипкІащ тхьэкІумэкІыхьыр. ИхъуреягъкІэ псори хужьт, - уэс къесат.

ТхьэкІумэкІыхьхэр къэгуфІэри къапкІыхьыу щІадзащ, губгъуэ нэщІым. ТхьэкІумэкІыхьри абы яхыхьащ, ихъуреягък1э псори хужьт, езыр щхъуэти къахэщт. ТхьэкІумэкІыхьхэр къеупщІащ:

- Сыт уи джэдыгур щІумыхъуэжар?

- Сыт щІэсхъуэжынур? Сэ си джэдыгур иджыри пщыгъ хъунущ, зэІытхъакъым.

- Узэрыхуейщ.

ЗанщІэу ар здыжаІэм зы дыгъужь къыкъуэкІащ. Адрей тхьэкІумэкІыхьхэм гу ялъитакъым уэсым къыхэщтэкъыми, абы илъагъур зы тхьэкІумэкІыхь щхъуэрати ирихужьауэ кърихуэкІт. Ерагъыурэ дыгъужьым къыІэщІэкІа къудейуэ аргуэру бажэм ирихужьащ. Абы иужькІэ тхьэкІумэкІыхьым и джэдыгур зыщихри гъатхэ хъуху къищтакъым.

Х- Хадэ

ХадэхэкІхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ я къежьапІэр.

Хадэм нэхъ жьауапІэм и дежкІэ сыт щыгъуи нэхъ щІыІэтыІэщ. А щІыпІэм къэкІащ къэбыстэ. Иныщхуэу, и тхьэмпэхэр лыдыжу, зиплъыхьри и щхьэм щытхъуу щІидзащ:

- Сыту сыдахащэ, хэт мы хадэм сэ нэхъ дахэр, нэхъ ІэфІыр?

Къанжэм ар щызэхихым жиІащ:

- Апхуэдизу уи щхьэ укъыщымытхъу. ЦІыхухэм мыхъуамэ, ауэ сытми удзу ущытынут.

- Сыт удзу сыщIыщытынур?, - игъэщIэгъуащ къэбыстэм.

- ЩIыхум укъигъуэтри ухисащ, къыпкIэлъыплъащ, псы къыпщIикIащ, щ1ыгъэпшэр уигъэгъуэтащ, мис иджыпсту узэрыщытым хуэдэу ухъун папщIэ. Уэ уи закъуэкъым ар зыкIэлъыплъар: пхъым, нащэм, жэгундэм, бжьыным, бжьыныхум, къеббжэкIмэ куэд фохъу. Пхъэщхьэмыщхьэхэри апхуэдэ къабзэщи: жыгхэр иухъуэнщIащ, псы щIикIащ, зэран хъу хьэпщхупщхэмрэ узхэмрэ ящихъумащ ин хъун папщIэ.

- «Узэгугъур къэгугъуж»: жыхуаIэр аращ.

Ху- гъэмаХуэ, щ1ымахХуэ

Сыт гъэмахуэкIэ хуабэ, щIымахуэкIэ щIыIэ щIэхъур?

Мы таурыхъри зытеухуар щIы хъуреймрэ дыгъэмрэщ. Ди щIыгум дыгъэм зыригэлъэгъуа нэужь езыри дыгъэм и теплъэм еплъыну къыхуеящ:

-Сыту пIэрэ дыгъэм и щIыбагъымкIэ щыIэр?

Дыгъэм и щIыбым къыдэувэри къыгурыIуакъым, аргуэру здэщытам кIуэжащ.

- Иджыри зэ сыкъеплъынкIэ: егупщысащ щIыр.

Абы лъандэрэ дыгъэ хъуреягъыр къикIухьын щIидзащ. Дыгъэ нурыр здытепсэ лъэныкъуэмкIэ хуабэщ, нурхэр здынэмыс лъэныкъуэр щIыIэщ.

ЩIыгум дыгъэ хъуреягъым зэ къыщикIухьым и деж – ар илъэсщ. Илъэсыр зэманиплIу зэщхьэщокI: щIымахуэ, гъатхэ, гъэмахуэ, бжьыхьэ.

Б- Бэдж

Сыт бэджым бэджыхъ ирищIэнур?

ХьэндырабгъуитI зым нэхърэ зыр нэхъ дахэжу здэлъатэм зы бадзэ къахуэзащ.

- Дэнэ фылъатэрэ дахэкIейхэ?- жиIащ бадзэм.

- Удз гъэгъа дахэхэм къапих мэ гуакIуэхэм депэмыну долъатэ. Уэ дэнэ уздэлъатэр?

- Сэри мурад сщIащ бостей дахэ здыну, фэ хуэдэу дахэу сыщытыну.

- Лъатэ, лъатэ, ауэ хэт уэ бостей пхуэзыдынур?

- Хэт схуэзыдынур… ЩыIэщ зы дакIуэ, бэдж. Езым Iуданэр ещIри бостейри едыж. Аращ, солъатэ сэ.

Бадзэм къилъэтыхьмэ-къилъэтыхьурэ бэджым и унэр къилъэгъуащ. Унэ гупэм щэкI лыдыжу кIэрыщIат, бостей къыхэпщIыкI хъунут.

- Сыт дахэ си щэкIыр уигу ирихьрэ?, - щIэупщIащ бэджыр.

- Дауэ сигу иримыхьын!

- АтIэ, къакIуэ щэкIыр пхурикъунумэ дегъэплъ.

Бадзэр лъатэри щэкIым тетIысхьащ, и лъакъуэхэри и Iэхэри къыкIэримычыжыфу кIэрыпщIащ. Бэджым нэхъри и Iуданэр бадзэм тришыхьащ. Бадзэм зыкъиплъыхьри къилъэгъуащ езым хуэдэу куэд зэрыфIэлъыр.

- Сэ иджы къызгурыIуащ узихуэдэ дакIуэр!, - къэгубжьащ бадзэр – къыбогъапцIэхэри бошххэ.

- Сыт атIэ, сщIэнур, бадзэхэращ сышхыр?- жиIащ бэджым.

Сыт адэкIэ бадзэм къыщыщIар? Ерагъыурэ бадзэр бэджыхъым къыIэщIэкIри лъэтэжащ, бадзэхэми яжриIащ бэджыхъым гъунэгъуу бгъэдэмыхьэну.

П- псун

Дауэ къежьа спорт джэгук1эхэр (зэхьэзэхуэхэр)?

Ижь ижьыжым псэуат зэгъунэгъуитI. Ахэр зэгъусэу щакIуэ кIуахэт. ЩакIуэныр яухри унэм къэкIуэжыгъуэ хъуащ. Зым жреIэ адрейм:

- Хэт нэхъ псынщIэу унэм щIэпхъуэу нэсыж.

- Хъунщ.

ЩIэпхъуахэщ. Апхуэдэу къежьащ япэ джэгукIэр – зэдэжэныр.

ЕтIуанэм жеIэ:

- Хэт мы баш кIыхьыр нэхъ жыжьэ идз.

Ядзащ. Апхуэдэуи къежьащ иджыри зы джэгукIэ.

Ахэр псы есынкIи зэпеуахэщ, хьэлъэ къэIэтынкIи, дэпкIеинкIи, зэбэнынкIи.

Хэт нэхъ псынщIэу, нэхъ ину, нэхъ жыжьэу.

А зэманым щыщIэдзауэ цIыхухэр зэпоуэхэ. ДжэгукIэхэр куэд хъуащ: гъэмахуэ джэгукIэхэр, щIымахуэ джэгукIэхэр, гуп джэгукIэхэр, псалъэм папщIэ, футбол, хьэкъей, закъуэ джэгукIэхэри – зэдэжэныр, псы есыныр, дэпкIеиныр, зэбэныныр.

ДжэгукIэхэр къалэ зэщымыщхэм ирагъэкIуэкIын щIадзащ, ауэрэ хамэщIым исхэри зэпеуэн щIадзащ. Иужьым олимпиадэ зэпеуэныгъэр къежьащ. Ар илъэсиплIым зэ йокIуэкI.

О- светОфОр

Сыт светофорым гъуэгур щIыхуеир?

Зэман щыIащ гъуэгум светофор темыту щхьэж здыхуйем зэрыхуейуэ кIуэуэ. Дауэ зэблэкIхэрэт ахэр? Щхьэж зэрыхуейуэ. ТешанкIэм ижьымкIэ игъазэт, шыгум сэмэгумкIэ, цIыхухэри щхьэж здыхуеймкIэ. Зыми зыри къагурыIуэжхэтэкъым, зэхэзэрыхьыжырт. Зэжьэхэуэхэри куэдт.

ЦIыхухэм ар яужэгъуати, унафэ ящIащ гъуэгу зэзыгъэзахуэ нэрыбгэ трагъэувэну.

Абы къаригъэлъагъурт хэт дэнэ кIуэнуми, сыт щыгъуэ гъуэгум техьэн хуейми. Ари куэдрэ тетыфакъым: мэмэжалIэ, йозэш. Унафэ ящIащ нищ иIэу свет кIапсэкIэ лажьэу нэрыбгэ гъуэгу зэхэкIыпIэхэм ягъэувыну. И нэ плъыжьыр хэнэмэ – къэувыIэ! УкIуэ хъунукъым! Гъуэжьыр хэнэмэ – зэ зыIэжьэ! Удзыфэр хэнэмэ – умышынэу уи гъуэгу ирикIуэ!

Иджырей зэманым цIыхухэм щхьэкIи светофор къагупсысащ нитI иIэу. ЦIыху цIыкIу удзыфэр хэнэмэ – гъуэгу махуэ! Плъыжьыр хэнэмэ – къэувыIэ!

Гъуэгухэм зэхэхауэ, тыншу псори зекIуэфын папщ1э къагупсысащ светофорыр, абы егъэлъагъуэ сыт хуэдэ зэманым хэт дэнэ кIуэ хъунуми.

Е-

ЦIыхухэр къезышэкI псэущхьэхэр.

За махуэ гуэрым кIуащ и адэшхуэм и гъусэу Исмел хьэкIэкхъуэкIэ гъэлъэгъуапIэм.

Зэрыдыхьэу къилъэгъуащ сабийхэр шы цIыкIухэм тесу кърашэкIыу.

- Дадэ, сэри шым сытесу къэзжыхьыну сыхуейщ!

- Хъунщ, тетIысхьи къэжыхь.

И къэжыхьын щрикъум жиIащ:

Сыту шы дэгъуэ! ЦIыхухэр кърешэкI.

-Шы закъуэракъым сэри къызошэкI, хьэлъи къызохьэкI- макъ къэIуащ адрей гъущI хъарым. Исмел плъэри шыд цIыкIу къилъэгъуащ.

-Фэ тIуракъым, дэри къыдошэкI- къэпсэлъахэщ я гъунэгъухэри.

- Сэ щIыIэ-уаем цIыхухэр уэс ку гущ1ы1ум къыщызошэкIхэ ищхъэрэ щ1ыналъэхэм деж, - жиIащ щыхьым.

- Сэри цIыхухэр уэс ку гущ1ы1ум къыщызошэкIхэ ищхъэрэ щ1ыналъэхэм деж, – жиIащ хьэ цIыкIум.

-Сэ пшахъуэщIым къыщызошэкI,- къэпсэлъащ махъшэр.

- Сэ мэз Iувхэм къыщызошэкI, - жиIащ пылым.

Сыту фIыуэ псори цIыхум сэбэп фыхуэхъурэ. Еплъыт а ц1ыхум дэ1эпыкъуэгъуу и1эм и куэдагъыр!

Хь – Хьэндыркъуакъуэ

Хьэндыркъуакъуэхэр къызэрыхъуар.

Псы цІыкІу гуэрым зы джэдыкІэ цІыкІу хэлът. Бдзэжьейм ар къилъагъури жиІащ:

- ТІэкІу ежьэж, куэд мыщІэу бдзэжьей ухъунущ.

ЗэрыжиІам хуэдэу бдзэжьей хъуащ. Зэман гуэр текІри лъакъуитІ къыщІэкІащ.

- Сыту сурэтыджэ – гуоуащ бдзэжьейр, - уэ убдзэжьейкъым, узихуэдэри сцІыхукъхым.

Иужьрей пщэдджыжьым аргуэру лъакъуитІ къэкІащ, иджы лъакъуиплІ иІэщ.

- ХэкІ мы ди псым, - жаІащ бдзэжьейхэм, - уэ зыкІи укъыдэщхькъым.

Сыт ищІэнур, къыхэпкІащ псым. Ихъуреягъым зэригъэщІэгъуэнур имыщІэу езым хуэдэ куэду Іусхэт.

- Феплъыт, иджыри зы хьэндыркъуакъуэ! – къэгуоуахэщ ахэр.

- ЗэрыхъумкІэ сэ сыхьэндыркъуакъуэщ?

- Пэжщ, псори дыцІыкІуху псым дыхосри, иужьым щІым дыкъытохьэ.

- Сыт фэ щІым тефщІыхьыр?, - щІэупщІащ ар.

- Сыт тщІэр? КъыдопкІыхь, « къуакъ» жыдоІэ, бадзэ дошх. КъакІуэ ди гъусэу.

Ар къэгуфІэри яхэпкІащ: «Сыту фыт сызэрыхьэндыркъуакъуэр» жиІэурэ.

Г-

Сыхьэтыр сыт щыгъуэ къыщежьар?

«Сыт езыр сыхьэт етщІэнур?» егупщыст Хьэсин блыным фІэлъ сыхьэтым еплъыху, сыт щыгъуи зэран мэхъу. Зэ школым укъыкІэроху, зэ уи гъуэлъыжыгъуэ къэсащ жеІэ. Зы махуэ гуэрым сыхьэтыр къигъэувыІащ.

Сыт иужьым къэхъуар? ФІы пари къехухэк1акъым. Япэрауэ, къыкІэрыхуащ и ныбжьэгъур къыщалъхуа махуэм, ІэфІыгъэкІэр псори яшхыжауэ к1уащ, школым къызэрыкІэрыхуам щхьэкІэ и анэр ираджащ.

«Хъунщ фызекІуэ»- жиІэри сыхьэтыр иригъэжьэжащ.

- Тхьэгъэпсэу си Іыхьлыхэми сэри бжыдоІэ.

- Сыт хуэдэ уи Іыхьлыр?

- Си адэшхуэ - пшахъуэ сыхьэт, си анэшхуэ - псы сыхьэт, Іэпщэсыхьэт, электроннэ сыхьэт, унэхэм хэт сыхьэтышхуэхэми.

Гу – шылъэГу

Сыт шылъэгум и унэр къыщІырихьэкІыр?

Адэ жыжьэу тенджыз щхъуантІэм зы шылъэгушхуэ ест. Ихъуреягъкіэ бдзэжьейхэр къехъуапсэт:

- Сыту дахэ уи щІыбым илъ къупщхьэр, унэм хуэдэщ, уи щхьэмрэ уи лъакъуэмрэ иболъхьэри зыми уишхыфынукъым. Дэнэ ар къыздипхар?

- Зыщывмыгъэгъупщэ, бдзэжьейхэ,- жэуап къаритыжащ тенджыз шылъэгум, - зыри гъэщІэгъуэну хэлъкъым: фэ къупщхьэхэр фи кІуэцІым илъщ, сэсейр си щІыбыкум макІуэ сихъумэн щхьэкІэ. Ауэ абыи ди цІыкІухэр тхуихъумэфкъым.

- Сыт, сыт къащыщІар уи шылъэгу шырхэм? – зэрыгъэдаущащ бдзэжьехэр.

- Илъэс къэс, - пидзэжащ шылъэгум, - тенджызым сыхокІри щІым сокІуэ, джэдыкІэ згъэтІылъын щхьэкІэ. Сэ ахэр пшахъуэм щІызотІэхэ, хуабэм нэхъ щІэхыу къришын щхьэкІэ. ДжэдыкІафэм къызэрипщу ахэр псым къыхэмыхьэмэ бзухэм сфІашхыж, я щІыбым илъ къупщхьэ цІыкІур иджыри щабэщи.

- Уигу умыгъэныкъуэ шылъэгу, - трагъэужт нэщхъей хъуа шылъэгур, - еплъыт модэ есхэр уи шылъэгу шырхэракъэ?

- Си шылъэгу шыр цІыкІухэ, - гуфІащ анэ шылъэгур, - фэ факъыІэщІэкІыфащ бзухэм, сыту нобэ сынэсыпыфІэ!

Шылъэгухэр илъэс 300 мэпсэухэ.

І-я1э, 1э, пы1э

Сыт хуэдэ псэупІэ яІэ цІыхухэм?

Ижь ижьыж зэманым Къэрал къэс цІыхухэм езым я псэукІэ хабзэ яІэжу щытахэщ. Урысейм – пхъэм, семэным къыхащІыкІт я унэхэр, Украинэм – мазэнкэ, Сыбырым – юртэ, индейцхэм – вигвам, канадэ щыщ эскимосхэм – иглу, чукчэхэм – чум. Дэтхэнэми езым ейр псом нэхърэ нэхъ тыншу къыщохъу.

Iу – 1уащхьэ, жыгыу1у

Сыт хуэдэ IэщIагъэ иIэ жыгыуIум.

Зы махуэ гуэрым тхьэкIумэкIыхь шыр жыг жьауэм щIэлъу жейт. «Тук, тук,»- макъ зэхихащ. Сыт ар зищIысыр?

- Мамэ, сыкъегъэл, щакIуэхэр къокIуэ!- тхьэкIумэкIыхь шырым и анэр къигъэушащ.

- Сыт къэхъуар, хэт узыгъэшынар? – игъэбэяужащ анэм и шырыр, - ар жыгыуIур жыгым тоуIуэри аращ.

- Сыт хуэдэ бэрэбанауэ ар, къигъуэтащ зэман щытетIыркъэн,- тхьэусыхащ шырыр.

- Ар ауэ сытми тетIыркъэкъым, - къыгуригъэIуащ анэм, - абы жыг пхъафэм и кIуэцIым ис хьэпIацIэхэр ешх. Ахэм жыгхэр яшх, мэзхэр сымаджэ ягъэхъукъым. ЖыгыуIур – мэз дохутырщ.

- Ди жыгыуIур – ухуакIуэщ, - жиIащ кIэпхъым, жыгым къыздепкIэм, - и пэ памцIэмкIэ дэ щхьэкIэ унэ тхуещI. Феплъыт мы жыгым и деж гъуэ хьэлэмэт зэрысхуищIар!

- Зыри къызгурыIуэжкъым, - и натIэм епIэстхъащ тхьэкIумэкIыхь шырыр, - сыт хуэдэ IэщIагъэ иIэр жыгыуIум: бэрэбэнауэ, дохутыр е ухуакIуэ?

Фэ дауэ фегупсысрэ?

К-

Сыт удз гъэгъахэр щIэдахэр?

Гъэмахуэр къэсри, удзхэр зэщымыщу гъэгъащ: гъуэжьу, плъыжьу, щхъуантIэу.

Бзум игъэщIэгъуащ:

- Хэт щхьэкIэ мыпхуэдизу зыщIэвгъэдахэр?

- Ар дауэ, иджыри къэс пцIыхуакъэ? Хьэпщхупщхэм щхьэкIэ. Дэ ахэм сок IэфI яхудогъэхьэзыр, мэ гуакIуи къытпех.

- Сыт ахэр фэ щIэвгъашхэр?, - къыгурыIуэкъым бзум.

- Ахэм ди жылэхэр ирапхъыхь, зы удз гъэгъам тетIысхьэмэ адрейм кIуэхэурэ. Удзыр шыгъужкIэ жылэ къещIри удз гъэгъа щIэуэ къокI.

Ку-

Сымаджэныр сыт къызыхэкIыр?

Фыхуейми фи фIэщ фыщI фыхуейми фымыщI, ауэ щыIэщ мы дунейм цIыкIунитIэу бзаджащIэ – микроб. Ахэр зэхранщ.

Зыгуэр къепсу и Iупэм и Iэр Iуимылъхьамэ, микробыр адрей цIыхум и пэм жьы щишэкIэ ирихьэнущ.

Уи Iэхэр умытхьэщIу ущышхэкIэ, шхыным и гъсэу микробыр уи кIуэцIым макIуэ. Иужьым гуфIэу псэун щIедзэ. ЦIыхур сымаджэ мэхъу:, и температурэр докIуей, и пэр машхэ, и тэмакъыр мэуз, мапсчэ.

Жь-

Хьэхэр зэрылажьэхэр сыт?

Зэхуэзащ уэрамым хьищ: пудель, овчаркэ, лабрадор.

- Си ныбжьэгъухэ дывгъэджэгукъэ! – жиIащ пуделым.

- Сыджэгунт, ауэ схущIэхьэнукъым, - жиIащ овчаркэм, - лэжьапIэм сыкIуэн хуейщ.

- Улажьэрэ?

- Пэлицэм солажьэ, бзаджащIэхэр къызоубыд.

- Сыту ухьэ Iущ, - къэбэнахэщ адрейхэри.

- Си адэшхуэр границэм щыIати,ныкъусаныгъэ ящIэу нэрыбгипщI къиубыдат.

- Сэри лэжьапIэм сыкъыкIэроху, - жиIащ лабрадорым.

- Сыт уэри узэрылажьэр? – щIэупщIащ адрейхэр.

- ЦIыху зешэу. Сэ зи нэ щыщIа цIыхухэр къызошэкI, тыншу я унэхэм сошэжхэ.

- Сэ зэхэсхащ хьэхэм цIыхухэр псым хэхуамэ къыхахыжу, - жиIащ пуделым.

- Сенбернар жыхуаІэ хьэм цІыхухэр бгым деж уэс щІагъым къыщегъуэтыжыф,- къыпищащ лабрадорым.

- Сэри фыхуеймэ апхуэдэу, солажьэ, - жиІащ пуделым.

- Дэнэ ури уздэлажьэр? – псоми жаІащ.

- Дэнэ, дэнэ… Циркым!

В-

Унэ псэуалъэхэр сыт щыгъуэ къыщежьар?

Унэм зыри щыщІэмысым и деж псэуалъэхэр зопсалъэхэ. Шкафыр диванным йодауэ, гъуэлъыпІэр шэнтым, стІолым. Хэт псом япэ къежьами яхузэхэгъэкІкъым.

- Псом япэ дэращ ящІар, - жаІащ стІолымрэ шэнтымрэ, - лъэгум щысу шхэныр къайхьэлъэкІти, пхъэ зэкІэраукІэщ лъакъуиплІи щІагъэувэжри шэнтрэ стІолрэ ящІащ.

Сыт зытелъар щыжейкІэ? – къэпсалъащ гъуэлъыпІэр.

- Пешхьэкум е пхъэбгъу кІыхь зэкІэрыукІауэ, - жиІащ стІолым, - сэ вжесІакъэ псом нэхърэ сызэрынэхъыжьыр. Апщыгъуэм гъуэлъыпІэ жыхуаІэр ящІэтэкъым.

- Сэ дэнэ сыздэщыІар? – щІэупщІащ шкафыр.

- О, фэ яужьыжкІэ фыкъыщагупсысар. Япэ щІыкІэ пхъантэшхуэу фыщытащ. Абы щыгъынхэр далъхьэт, къыдэхыжыныри нэхъ хьэлъэжт, улъыхъуэн хуейт. Иужьым пхъантэр зэпагъазэри дапхъэ куэду хуащІри шкаф хъуащ.

- Сэ дауэ сыкъызэрежьар? – жиІащ диванным.

- Ижь зэманым шэнтхэм щхьэнтэ тралъхьэт щабэу щытын щхьэкІэ, уижьым щэкІ трабзэу щІадзащ.

- Иджы псори гурыІуэгъуэщ, жьыщхьэ махуэ ухъу стІол, - жаІащ псоми.

Ф- жираФ

Сыт жирафым и пщэр щІэкІыхьыр?

Фи нэгу къыщІэвгъыхьэт, щыІащ зэман, жирафхэм я пщэхэр кІэщІу щыщыта, иджыпсту хуэдэу кІыхьтэкъым. За махуэ гуэрым жирафыр къыщІэкІащ и унэм, куэдрэ кІуа мащІэрэ кІуа, ар къэмэжэлІащ. Тхьэмпэ нэхъ ІэфІхэр жыгыщхьэхэрат здыпытыр. Жирафым и пщэр хишмэ хишурэ нэІэсын щхьэкІэ, и пщэр нэхъ кІыхь хъуащ.

Псы ефэну къыхуеящ. Дэнэ псы здежэхыр? Жирафым аргуэру и пщэр хишри зиплъыхьащ. И пщэри нэхъ кIыхь хъуащ, псыри къилъэгъуащ.

Псы ефа нэужь, зигъэпсэхуну мурад ищIащ, ауэ егупсысащ: «Гу лъызмытэу аслъэн е къэплъэн къызбгъэдыхьэу сишхмэ? Сыт сщIэжын? Езыхэм сыкъамылъагъу щIыкIэ сэ къэслъагъухэмэ нэхъыфIщ, занщIэу сыщIэпхъуэжыфын щхьэкIэ». Жирафым и пщэр нэхъ иныжу хишри зиплъыхьащ, иджы ар хьэкIэкхъуэкIэхэм ящышынэжкъым.

Адрей псэущхьэхэми ар къацIыхуащ (и пщэр хишу зызэриплъыхьыфыр) ик1и ягу ирихьащ жирафхэм ягъусэу къакIухьыну. Шынагъуэ зэрыщы1эр нэхъапэ къэпщ1эхук1э нэхъыф1къэ! Жирафыр зэрыщIэпхъуэу номинхэри, зебрэхэри, бланэхэри щIопхъуэхэри загъэпщкIу. Абы лъандэрэ жирафым и пщэр ину къэнащ, ауэ ар абы и жагъуэххэкъым.

Й-

Сыт хьэкIэкхъхуэкIэхэм джэдыгу хуабэ щIащыгъыр?

Зы мэз гуэрым псэут дыгъужьрэ бажэрэ. Зы махуэ гуэрым дыгъужьым бажэр къыхуэзати къыхуэцIыхужакъым: бажэр дахэт ицхэри цIуужт.

- Сыт, дыгъужь, си джэдыгур уигу ирихьрэ? – зигъэщIэгъуэжащ бажэм, - ухуей уэри апхуэдэ?

- Сыт есщIэнур, сэсейми зыри илажьэкъым.

- Сыт имылажьэр, дауэ мыпхуэдэ джэдыгу лэжьакIэ щIымахуэр зэрипхынур? ЩIыIэм уисынукъэ?

- Хьэуэ.

- НтIэ, мыдэ къызэдаIуэ, уи джэдыгур нэхъ Iув хъун папщIэ къэпкIухьурэ жыпIэн хуейщ: къэкI си джэдыгу, Iув хъу, хуабэ хъу.

Дыгъужьми апхуэдэу ищIащ. И джэдыгури хуабэу Iуву хъуащ. Ауэрэ щIымахуэри иухащ. Аргуэру дыгъужьым бажэр къыхуэзащ. Бажэм и джэдыгур пIащIэу, бацэу хъуати игъэщIэгъуащ.

- Сыт бажэ уи джэдыгу дахэр дэнэ пхьа?

- Сыт есщIэнур? Гъатхэр къэсащ, ауэрэ гъэмахуэри къэсынущ. Апхуэдэ джэдыгу Iувыр пщыгъмэ хуабэм уихьынущ.

- Сыт иджы сэ сщIэжынур? КъыздэIэпыкъу бажэ цIыкIу, - лъэIуащ дыгъужьыр.

- Хъунщ, къэдаIуэ. Иджы къыздэпкIухьым жыIэ: къекIурэх си джэдыгу, уи цыхэр къыпкIэрыхунущ.

Дыгъужьми апхуэдэу ищIащ. Цы къекIурэхахэр дэнэ кIуа иужьым?

Бзухэм я абгъуэхэм иралъхьэну зэбгырахащ.

Дж-джэду

Джэдум и Іыхьлыхэр.

Аминат цІыкІу джэду иІэт. Зы махуэ гуэрым Іэминат и Іыхьлыхэм я сурэтхэм телъ сабэхэр илъэщІу джэдум къилъэгъуащ:

- Сыт пщІэр?

- Сурэтхэм телъ сабэхэр солъэщІ. Еплъыт, мыр си адэшхуэращ, мыр- си анэшхуэращ, мыр – си адэшыпхъущ, мыр си анэм и дэлъхущ.

- Сыт сэ къыщІызжепІэр, сэри Іыхьлы куэд сиІэщ! – жиІащ джэдум.

-ГъэщІэгъуэнщ, жыпІэр, сыт хуэдэ Іыхьлы уэ уиІэр?

- Си адэшхуэхэу аслъэнрэ къэплъэнрэ, анэшхуэ – пантерэ, рысь, си адэкъуэшщ снежный барс(шыкъулътыр).

- Фэ псори фызыунагъуэ?-Ахэр псори джэдухэм я унагъуэщ, дызэІыхьлыщ.

Дз-дзэ

Дэнэ къик1рэ узхэр?

Фыхуейми фи ф1эщ фыщ1, фыхуэмеймэ фымыщ1, ауэ тетщ мы дунейм зы лъэпкъ ц1ык1у- микробхэр. Ахэр бзаджащ1эщ ик1и зэраныщ1эщ. Ауэ абыхэм езыхэм унэ я1экъыми зыгуэрым и к1уэц1ыр псэуп1э зэращыным пылъхэщ. Мес зыгуэр къепсащ, модрейм и 1эр имытхьэщ1у шхэн щ1идзащ.

Апхуэдэу зэкъуэхауэ къигъуэта щ1алэ ц1ык1у гуэрым и жьэ к1уэц1ым къыщыхутащ зы микроб гуэр.

- Сыт хуэдэу псэупІэ хьэлэмэт, сыту дэгъуэу и дзэхэри имыгъэкъабзэрэ. Сыт хуэдэ дзэм сыщыпсэун. Мес модэ гъуанэ солъагъу, абдежым сыщыпсэунщ.

(ЩІалэ цІыкІум фІэфІт дзэкІэ к1энфет зэхигъэщэщэну, абы щхьэкІэ и дзэр къэчат). Сэ а бгъуэнщІагъыр псэупІэ хьэлэмэт схуэхъунущ.

Апхуэдэуи ищІащ. Унэр хьэлэмэтт, микробым игу ирихьт, ауэ тІэкІу къезэвэкІти нэхъ ин ищІыну мурад ищІащ. Гъуанэ цІыкІур нэхъри ин хъут, микробхэри нэхъри нэхъыбэ хъут. Апхуэдэурэ здэпсэухэм щІалэ цІыкІум и дзэр узын щІидзащ.

АпхуэдизкІэ къеузти псынщІэу дохутырым и деж кІуащ. Дохутырым дзэр микробхэри зэригъусэу къыІуичри къыжриІащ махуэм тІо и дзэхэр илъэщІыну.

Микробхэри нэгъуэщІ псэупІэ лъыхъуэу ежьэжащ.

Я-

Дэнэ къиІрэ лэгъупыкъур?

Псэут дунейм зы уэшх. Ар сыт щыгъуи нэщхъейт. Зыгуэрэ зэрилъагъуу е зэрызэхихыу занщІэу гъыт.

- Уэшх цІыкІу, ирикъунщ узэрыгъар!

Уэшхыр аргуэру магъ. Дыгъэр нэхъри пшэ къуагъым къыкъуэплъри и нурхэр хуишиящ. Нурхэр ткІуэпсхэм щыкІуэцІрыкІым зэщымыщу къэлыдащ. Къытеуващ

щIым лэгъупыкъу дахащэ лъэмыжым ещхьу. И сурэтыр дахащэт: плъыжьт, пхъыфэт, гъуэжьт, удзыфэт, къащхъуэт, щхъуантIэт, чэрнилафэт. И фэр блыуэ зэхэлът.

Ар уэшхым къыщилъагъум гъын щигъэтри къэгуфIэжащ.

Лъ-тхыЛЪ

Сыт тхылъыр къызыхахыр?

Губгъуэ гуэрым пхъэхуей хужь куэду итхэт.

-ЗышэщI, дыгъэм и деж, нэхъ ин ухъуну ухуеймэ, - жыгыщIэ цIыкIум и анэм къыжриIащ.

-Сыту?

- Ин ухъумэ уэ къыпхащIыкIынущ стIол, шэнт хьэлэмэтхэр.

- Си гущIыIум тешхыхьуи? Сыхуейкъым!

- ШыкIэ пшынэ къыпхащIыкIынщ, дахэу мэкъамэхэр къибгъэкIынщ.

- Хьэуэ, сыхуейкъым, - идакъым жыгыщIэм.

-Ухуейкъэ, таурыхъ гъэщIэгъуэнхэр, хъыбарыфIхэр цIыхухэм яжепIэну?

-Мис, ар сигу ирохь!- жиIащ жыгыщIэм.

Зэман гуэр дэкIри жыгхэр яшащ тхылъымпIэ здащI фабрикэм. Ахэр цIыкIу цIыкIуу зэпахри псы щIакIащ. Шатэм хуэдэу Iув щыхъум пIащIэу зэкIэщIахури ягъэгъущащ. Арати тхылъымпIэр хьэзыр хъуащ. Иужьым тхылъымпIэр IыхьэIыхьэу яупщIатэри напэ хъуащ. Тхылъ тедзапIэм напэхэр яшэри хьэрфхэр традзэж, сурэтхэр тращIыхь.

Тхылъри хьэзыр хъуащ.

Къ-Къалэ

Сыт адресыр щIэтщ1эн хуейр?

Фэ фи адресыр фщIэрэ? Иннэ ищIэтэкъым. КъыщIэкIри и унэм джэду гъуэжь цIыкIу къилъгъуам и ужьым иту щIэпхъуащ. Гу лъимытэурэ къалэм дэгъуэщыхьащ.

Ихъуреягъым унэхэри цIыху блэкIхэри къыхуэцIыхужтэкъым, сытыт ищIэжынур?

- Иннэ гъын щIидзащ. Ихъуреягъым псоми гу къылъатащ, зы бзылъхугъэ гуэрым и нэпсхэр хуилъэщIыжурэ къеупщIащ.

-Умыгъ, дахэ, уи псэупIэр къызжеIи, фи деж усшэжынущ.

- Сыздэпсэум и адресыр сщ1экъым, - нэхъри гъын къыщIидзащ.

- Къэщ1эжт, фи унэм и теплъэр, и гъунэгъуу зыри щытакъэ?

Хуэмурэ гупсысэурэ къицIыхужащ и унэм пэмыжыжьэу хущхъуэ здащэ аптекэ зэрыщытыр. Бзылъхугъэм къыгурыIуэри унэр здэщытыр и анэм хуишэжащ. Псалъэ быди иригъэтащ Иннэ и адресыр гукIэ зэригъэщIэну, нэхъыжьхэр имыгъусэу жыжьэ мыкIуэныу.

Къу-Къуалэбзу

Къуалэбзухэм я къежьапIэр.

Тест бзу анэр и шырхэр игъусэу къудамэм. Ахэм къалъэгъуащ шындырхъуо блэжу.

- Пи-пи-пи! Сыту дэхьэшхэн, цыи темыту!

-Ар лъэтэфкъым пи-пи-пи!

-Хуэму, си шыр цIыкIухэ, фыщIэрэ фэ бзухэр псори шындырхъуом дакъызэрытекIар?

- Ар дэ къыдэщхькъыми?

- Ижь ижьыж зэманым ди щIыгум шындырхъуохэрат псэур. Ахэр куэд хъут: иныкъуэхэр инт, адрейхэм бжьакъуэ ятетт, зыныкъуэхэми адрейхэр яшхт.

Ямышхын щхьэкIэ жыгыщхьэхэм зыщагъэпщкIут, зы къудамэм елъэмэ адрей къудамэм пкIэхэурэ. Ахэм дами цыи къатекIащ, къалэтыхьыуи щIадзащ. Япэ дыдэ лъэта бзум и цIэр – археоптерикс – абы дзэ Iутт, лъэхъуамбищи иIэт. АбыкIэ жыгхэм зыкIэрищIэт.

- Сыту гъэщIэгъуэн къыджепIа, ди анэ, - жаIащ зэдежьууэ шырхэм.

Гъ- гъатхэ

Сыт жыгхэм тхьэпэхэр къащIыпыхур?

Гъатхэр къэсри куэдрэ жея мыщэри къэушащ, уэс щIагъым къыхэплъащ япэ удзхэри, гъуэгубгъум щыт жыгри къызэщыуащ. Зэплъыжри нэщхъей къэхъуащ: «Сыту Iуплъэгъуей сыхъуа, щыгъын сщыгъкъыми».- Уигу умыгъэныкъуэ, - жиIащ пшэм, сэ иджыпсту уэшх къыптезгъэшхэнщи къэхъур плъагъунщ.

- ЗэрыжиIам хуэдэу, уэшх зэрытешхэу, и тхьэпэхэм къэтIэпIын щIадзащ. И тхьэпэхэр нэхъри ин хъуащ. Жыгым и къудамэхэр зэкIэщIихри жьыбгъэм иригъащIэу хуежьащ.

- Сыту сыдахащэ, псори фыкъызэплъыт!

-Плъагъурэ, - жиІащ пшэм, - уигу бгъэныкъуэт.

Гъэмахуэ псом уэшх трикІащ, и тхьэмпэхэр хуитхьэщІащ. Ауэрэ бжьыхьэр къэсри тхьэпэхэм я фэм зихъуэжащ: гъуэжьу, плъыжьу.

- Пшэ цІыкІу, къызэплъыт, сэ псом нэхърэ сынэхъ дахэщи сакъыхощ! – зигъэщІэгъуэжт жыгым.

- Зы махуэ гуэрым и гуфІэгъуэр иухащ, тхьэпэхэр зэрызурэ къыпыхун щІадзащ.

- Пшэ цІыкІу, си тхьэпэхэр къызэтыж! – жыгым гъын щІидзащ.

-Егупсыс, сыт ахэм епщІэнур.- жиІащ пшэм, - Куэд мыщІэу щІымахуэ хъунущ. Уэшхым и пІэкІэ уэс нездзыхынущ, уэсыр куэду щызэхуэскІэ хьэлъэ мэхъу. Уэ тхьэпэхэр ппыту къанэмэ, уи къудамэхэр хьэлъэм пищІыкІынущ. Абы щхьэкІэ ущымысхьу пыгъэщэщ. Гъатхэм щІэуэ къэкІыжынущ.

Гъу-хьэндырабГЪУэ

Сыт пкІауэр щІэудзыфэр?

Псэут дунейм зы пкІауэ. Ар удзыфабзэт удзым ещхьу. Ауэ ар игу ирихьтэкъыми нэщхъейт.

- Сыт сэ хьэндырабгъуэм хуэдэу сыщІэмыплъыжьыр? Е бжьэм хуэдэу гъуэжь къуэлэну щхьэ сыщымытрэ?

- Умынэщхъей, - игъэудэІужт и анэм, - удзым хуэдэу удзыфэу ущытыныр дахэкъэ?

Зы махуэ гуэрым краскэ къищтэри и фэр ихъуэжащ: и лъакъуэхэр щхъуантІэу, и щІыбыр плъыжьу, и щхьэр гъуэжьу, и пащІэхэр хужьу. Зылэн зэриухыу къуаргъ фІыцІэжьыр къэсащ. ПкІауэм дэнкІэ зимыгъэпщкІуми къыхэщти къигъуэтт. Къуаргъым пкІауэр ишхыну и жьэр зэтриха къудейуэ уэшх къешхри краскэр кІэрилъэсыкІыжащ. Удзыфэ щыхъужым къуаргъым ар удзым хигъуэтэжакъым.

Мис апхуэдэу пкІауэр къелащ. Абы лъандэрэ и теплъэр игу ирихьу псэуащ.

Хъ – аХЪшэ

Сыт щыгъуэ ахъшэр къыщежьар?

Асят цІыкІу унэм къэкІуэжати, и анэм жиІащ:

- Сыту фІыуэ укъэкІужэжа, тыкуэным узгъэкІуэнути щІакхъуэ къуозгъэхьынут. СумкІэри ахъшэри нащтэ. Мы ахъшэр тыкуэнтесым ептмэ, щІакхъуэ къыуитынущ.

- Мы тхылъымпІэхэм щхьэкІи?

- Ар тхылъымпІэкъым, ахъшэщ. Уэ пщ1эуэ п1эрэ, зэман щыІащ, ахъшэ щымыІэу, щхьэж иІэхэр зэрахъуэжт. Уэ джэд къызэти – джыдэ уэстынщ, мыІэрысэ къызэти – сэ кхъуэщын уэстынщ. Апхуэдэуи тынш хъутэкъыми мурад ящІащ псоми уасэ тралъхьэну. Къэралыгъуэхэм иныкъуэм ракушкэ, адрейхэм шыгъу кІанэ. Нэхъыбэм гъущІ такъыр гъэткІуауэ ахъшъ папщ1эу зэрахьэт. Зэман текІри

хъурейуэ ягъэткIун щIадзащ – монетэ фIащащ. Адыгэм жьгъей жыдоIэ. Иужьым тхылъымпIэ ахъшэ къежьащ, я уасэхэр зэщхьэщыкIыу.

-Мамэ, хъуну къигъэзэжымкIэ фомыл къэсщэху?

- Фомыли къыщIэкIынущи къигъэзэжри къэхьыж.

Хъу-ХЪУмп1эц1эдж

Сыт хуэдэ IэщIагъэ яIэ хъумпIэцIэджхэм?

Ди ныбжьэгъу пкIауэ цIыкIур зыплъыхьакIуэ ежьащ. Хэт къыффIэщIрэ къыхуэзар? И ныбжьэгъу хъумпIэцIэджращ.

- Дауэ ущыт, си ныбжьэгъу! – къыщыгуфIыкIащ хъумпIэцIэджыр. Сыт узэрылажьэр?

- Хьэлэмэту сопсэу, сызэрилажьэу щытаращ, адэкIэ сопкIэ, мыдэкIэ сыкъопкIэж. Фэ сыт хъумпIэцIэджхэм IэщIагъэ зэхуэмыдэ фиIэу жыпIэн?

- Уэ дауэ къызэрыпщыхъур? Сэ иджыпсту сыухуакIуэщ, дызыщIэсын унэ соухуэ, зэманкIэ узэIэбэкIыжмэ сабийIыгъыу сыщытащ, согугъэ иужьым лэжьакIуэ сыхъуну, си къуэшхэм шхын къахуесхьэлIэну.

- Апхуэдэ щыIэу зэхэсхакъым.

- Дауэ зэрыщымыIэр? Ди хъумпIэцIэдж псэупIэр зэ плъэгъуа? Ар къалэ хуэдиз мэхъу. Дэ пщы диIэщ, псэупIэр зэлъыIузыххэри диIэщ, Зыхъумэхэри дикуэдщ. Ухуеймэ унэ псэущхьэ зезыхуи диIэщ.

- Дауэ унэ псэущхьэ зэрызефхуэр?

-ДиIэщ, хъун (тля) жыхуаIэращ.

- Сыту гъэщIэгъуэн къызжепIа.

- Уи фIэщ мыхъумэ, си деж узогъэблагъэ, уи нэхэмкIэ псори къэплъагъунщ.

КІ-к1э Сыт псэущхьэхэм кІэ иращІэнур?

Псэут дунейм зы тхьэкІумэкІыхь. Куэдрэ игу къэкІт: «Сыт адрей псэущхьэхэм я кІэхэр ину дахэу щІапытыр, сэсейр плъагъухэркъым. Къызахъуэжмэ зыгуэрым къесхъуэжынщ».

Бажэм и деж кІуащ: - Къызэпткъэ, бажэ, уи кІэр?

- Ухуеяти уэ, дауэ си лъэкъуампІэхэр зэрыщІэсхъумэжынур?

АдэкІэ жыгым къуаргъ тесу къилъэгъуащ:

-Уэрами хъунущ, уи кІэр къызэпткъэ?

- Сыт жыпІэр, ар къыщыслъэтыхькІэ къыздоІэпыкъ.

КІуащ тхьэкІумэкІыхьыр жэмым и деж:

- Уэ жэм, уи кІэм сыт епщІэнур, сэ къызэпткъэ?

- Сыт щІезмыщІэнур? Сэ дауэ бадзэхэр си щІыбым тесхуну?

Нэщхъей хъуауэ псым хэплъэу здэщысым бдзэжьей къилъэгъуащ:

-Бдзэжьей, зыми я кІэхэр къызатын ядэкъым, уэуейм ухуэмеймэ къызэпткъэ?

- Уигу къомыгъауэ, сэри уэстыфынукъым, сыхуэныкъуапэщ, псым сезыгъэсыр аращ.

ТхьэкІумэкІыхьым зыкъиплъыхьри – псоми я кІэхэр къадоІэпыкъури хуэныкъуэхэщ. « Сэ сыт апхуэдэ кІэ кІыхь есщІэнур? – егупсысащ ар, - пхъэдакъэхэмрэ жыгхэмрэ яфІэнэныуи, симыгъажэу?» Арати къэнэжащ и кІэм щыгуфІыкІыу.

КІу –тхьэК1Умэк1ыхь Дауэ псэущхьэхэм хьэкІэкхъуэкІэхэм зыщахъумэрэ?

Мы хъыбарри зытеухуар ди ныбжьэгъу тхьэкІумэкІыхьращ. Ахэр езыхэр сыт хуэдэу шынэкъэрабгъэхэ? Ауэрэ шынэныр иужэгъуащ: «Зыри шынэкъыми, сэри сышынэнукъым!» Адрей псэущхьэхэм ячэнджэщыну кІуащ.

- Сэ, - жиІащ щыхьым, - дыгъужьым си бжьакъуэмкІи лъакъуэхэмкІи соуэ.

- Сэ си дзэпкъхэмкIэ, - жиIащ мэзыкхъуэм.

ТхьэкIумэкIыхьыр зэплъыжри: бжьакъуи темыт, дзэпкъи имыIэ.

-Умынэщхъей, ныбжьэгъу, - шындырхъуор къыбгъэдыхьащ, сэри бжьакъуэ стеткъым, сыкъезыгъэлыр си кIэращ.

-Дауэ зэрыуикIэр?- къыгурыIуакъым тхьэкIумэкIыхьым, - сыт уи кIэмкIэ уайзауэрэ?

-Хьэуэ, си кIэм къепхъуэу къаубыдмэ, къыпызэгъэхури си гъуэм солъэдэж.

- Дауэ ухъурэ уи кIэр пымытыжу?- ЩIэуэ къызогъэкIыж.

Апхуэдэ кIэ хьэлэмэт хуейт тхьэкIумэкIыхьри. Ауэ дэнэ къипын?- Сыт сщIэн–тIэ, хуабжьу къэзжыхьын хуейщ самышхын щхьэкIэ.

ЩI- Щ1акхъуэ

Дауэ щIакхъуэр хьэзыр зэрыхъур?

Зы махуэ гуэрым щIым къытехуащ гуэдз хьэдзэ цIыкIу. Зэман текIри кIэ цIыкIу къыпыкIащ, ауэрэ щIым къыхэплъри дэкIеин щIидзащ. Щхьэмыжыр къыщыпыкIэм зыкъишэщIащ.

- Дауэ ущыт, ныбжьэгъу? – къегуэуащ адрей щхьэмыжхэр.

- Сыт псори дыкъыщIызэхуэсар? Сыт къыдащIэнур?

-Сыт? ПцIыхукъэ? Куэд мыщIэу щIакхъуэ дыхъунущ. Комбайныр къэкIуэнущи псори дызэщIикъуэнущи хьэлъэзешэ машинэхэм амбарым дашэнущ.

- ЩIакхъуэ дыхъуну?

-Хьэу иджыри, гуэдзыр щхьэлым яшэу яхьэжын хуейщ.

- ЩIакхъуэ дыхъунущ.

Иджыри хьэуэ, Хьэжыгъэ дыхъунущ. Хьэжыгъэр пщафIэм ипщынущ.

- ЩIакхъуэр хьэзырщ!

-Хьэу, хьэуэ, хьэзыр хъур тхьэвращ. Тхьэвыр пешхьэкум ирагъэувэ, жьэмэ мис аращ щIакхъуэр.

- Иджы псори къызгурыIуащ.

ФI- Удз гъэгъахэм дауэ захъумэжрэ?

КъэкIыгъэхэм я псэукIэр тынш къыффIэщIрэ? Фогъуащэ! Иныкъуэм япIытI, адрейхэм къыпач, ещанэхэм…

- Мы бжэным сишхыну хуеящ! – къэшынащ ромашкэр.

- Сэ саухуэну я щхьэм сыхалъхьэну хуеяхэщ, - жиIащ одуванчикым.

- Сэ сыпаупщIу жэмым сыратын ягугъащ, - тхьэусыхащ клеверыр.

- Сыту фышынэкъэрабгъэ!, - жиІащ шыпсэранэм, - зыфхъумэжыфу фыщытын хуейщ. Сэ къызбгъэдыхьэм содзакъэри изогъэс.

- Сэри банэ стетщи къызэІусхэм сахоуэ, - жиІащ хьэцыбанэ шейм.

ПІ-П1ырыП1

Унэ къэкІыгъэхэр дауэ къежьа?

Пэшым щІэст зы джэду шыр: жейт, шхэт, джэгут. Псом нэхърэ нэхъыфІу илъагъур щхьэгъубжэм дэплъынырат: тхьэпэхэр жьым зэрызэрихуэм, удз гъэгъахэм еплът. Зы махуэ гуэрым щхьэгъубжэм дэплъри къилъэгъуащ тхьэпэхэр къыпыхужу, удзхэри гъужауэ, ауэ унэм щІэт къэкІыгъэхэрат удзыфэхэр.

- Сыт фэ фыщІэмыгъужыр? – игъэщІэгъуащ джэдум.

-Дэ щІымахуэ здэщымыІэ щІыпІэ хуабэхэм дыкъикІащ, абы щхьэкІэ сыт щыгъуи дыудзыфэщ.

- Сэ, хамэщІ Мексикэм сыкъикІащ, - жиІащ кактусым.

- Сэ, Индия къэралыгъуэм сыкърахащ, - жиІащ фиалкэм.

- Сыту фи нэсып, сынывохъуапсэ, дунейм куэд щыфлъэгъуащ. Сэ мы пэшым мыхъумэ зыри слъэгъуакъым.

- Умынэщхъей, дэ къэралыгъуэ тлъэгъуахэр бжетІэжынщ, ауэ уэ ди тхьэмпэхэм телъ сабэхэр плъэщІу псы дебгъэфэну дыкъэбгъэгугъэмэ.

Ц-

ХадэхэкІхэр дэнэ къыздикІар?

Хадэм къэкІт хьэсэ зэгъунэгъуу бжьын, кІэртІоф, пэмидор, нащэ, жэгундэ, балыджэ, къэбыстэ, пхъы.

Псори зэгурыІуэу псэухэт пэмидорымрэ кІэртІофымрэ мыхъумэ. Ахэр сыт щыгъуи зэдауэт.

- НэкІуатэт, кІэртІоф, дыгъэр схузэхубощІ, абы щхьэкІэ си пэмидорхэр плъыжь хъукъым.

- Уэ, уи лъабжьэхэр Іух, си лъабжьэм щІэлъ кІэртІофхэр хэбгъахъуэкъым,- гъумэтІымащ кІэртІофыр.

Ахэр зэрызэдауэр адрей хадэхэкIхэм яхуэмышэчыжу жаIащ:

- Ирикъунщ, фызэрызэщыхьар! ФцIыхуну фыхуейм, фэращ псом яужь мы хадэм къыхахьар, абы щхьэкIэ нэхъыжьхэм жаIэм федэIу.

- Дауэ яужь дызэритыр?- ягъэщIэгъуащ тIуми.

- Ат1э, фэ Америкэ къэралыгъуэм фыкъыщрашам, дэ куэд щIауэ хадэм дыкъыщагъэкIт,- жиIащ балыджэм.

- Сыт фи фIэщ хъукъэ? Фыкъыщраша къудейм зыми фашхын ядэтэкъым, фи IэфIагъыр ягу ирихьтэкъым.

- Сэрат ягу иримыхьыр?- пэмидорым игъэщIэгъуащ. – Сэ мы хадэм иту хъуам нэхърэ сы нэхъ IэфIщ. - КъыщыбгурыIуакIэ, дызыгурыIуэу дывгъэпсэу, фызэщымыхьэ, - жиIащ къэбыстэм.

ЦI-Ц1э, Ц1ыху, к1уэЦ1

Сыт цIыхум и кIуэцIыр зэрызэхэлъыр?

Жэщым Ислъам жеину здэгъуэлъыжым и анэм жиIащ:

- НэхулъэфI укъикI, си щIалэ! Нобэ уезэшащ, уи Iэпкълъэпкъри езэшащ. Ахэр нобэрей махуэм лэжьащ, загъэпсэхужын хуейщ.

- Мамэ, си Iэпкълъэпкъ езэшахэм я цIэхэр къызжепIэкъэ!

- Ирикъунщ, нобэ жытIар. Жей.

Ислъам жеижащи пщ1ыхьэп1э гъэщ1эгъуэныщэ и нэгу щ1ок1: и 1эпкълъэпкъхэр къопсалъэ.

-Дезэшащ, Ислъам, зыдгъэпсэхужыну дыхуейщ!

-Сэ сымыувыIэу сытетIыркъащ, лъыр къесхуэкIащ, - тхьэусыхащ гур.

-Дэ жьы тшащ. Хьэуам жьы къабзэ къыхэтхуащ, - жиIащ тхьэмбылым.

- Сэ шхыныр зэзгъэзэхуащ, - жиIащ лъатэм(желудокым).

- Дэ, цIыхум и кIуэцIыр догъэкъабзэ, - жаIащ тхьэмщIыгъум, кIэтIийхэм.

Псори нобэ гугъу фехьахэщ. Иджы зывгъэпсэху.- жиIащ Ислъам.

ТI-яТ1э, Т1аТ1э

Псэущхьэхэр дауэ жэщкIэ зэрыжейр?

ЖэщкIэ цIыкIухэм сыт ящIэр? Пэжу жытIэмэ, мэжейхэ. Замир фIыуэ илъагъутэкъым жеиныр. Пщыхьэщхьэ зэрыхъуу къижыхьт, дэпкIейт мыгъуэлъыжын щхьэкIэ.

- Сыт ужеину ущIыхуэмейр? – еупщIт и анэр.

-Сыщылъу сфIэтыншкъым сыжеину. - Дауэ –тIэ узэрыхуейр?

- Жирафым хуэдэу. - Ар дауэ, жирафыр щыту мэжей.

Еплъащ апхуэдэу Замир, ауэ жеифыкъым.

- Къыум хуэдэу сыжеймэ-щэ.

- Зы лъакъуэкIэ ущытыуи?

Апхуэдэуи хьэлъэт.

-Номиным хуэдэу, къудамэм утелъу ужеймэ?

-Хьэуэ, сыкъекIурэхмэ?

-Къэнэжар, дзыгъуэ нэфым хуэдэу уи щхьэр егъэзыхауэ ужеймэ.

- Хьэуэ, хьэуэ, абы нэхърэ цIыхухэм хуэдэу сыщылъу сыжейм нэхъыфIщ.

Гъуэлъыжщ, и шхыIэныр зытрипIэри занщIэу жеящ.

ЛI-Л1ыгъэ, пЛ1имэ

ЦIыхухэм бжэуэ дауэ зырагъэса?

Зэман щыIащ, куэдкIэ узэIэбэкIыжмэ цIыхухэм бжэкIэ ямыщIэу. Ахэр гугъу зэрехьтэр!. ЩэкIуауэ къэкIуэжу къеупщIмэ:

- Дапщэ къэпщэкIуар?

Жэуап итыжыфтэкъыми зы Iэхъуамбэ игъэлъэгъуащ, « мыпхуэдиз» къригъэкIыу.

ЗанщIэуи къагурыIуащ. Абы щыщIэдзауэ цIыхухэм IэхъуамбэкIэ гъэлъэгъуэн щIадзащ. Зы – зы Iэхъуамбэ, тIур – IэхъамбитI. Нэхъыбэмэ – лъэхъуамбэхэри хагъыхьэт. Ауэ дауэ уигу зэрибубыдэнур а бжыгъэр? Ящымыгъ

Упщэн щхьэк1э бжыгъэхэр ятхыу щ1адзащ: зы-зы 1эхъуамбэ, т1у- 1эхъуамбит1, тху- 1эшэт1ым. Апхуэдэу япэ цифрэхэр къежьащ.